



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 13 novanm 2014

GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN LWA NEW YORK SOU ATIZANAL E LI ANONSE \$3 MILYON DOLA NAN LAJAN PWOMOSYON POU PLIS OGMANTE PWOFIL PWODIKTÈ BWASON NEW YORK YO

Nouvo lwa pral koupe chak egzijans pou pwodiktè yo e li bay finansman pou maketing bwason atizanal New York

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te siyen lwa sou bwason atizanal pou koupe fado egzijans yo te mete sou pwodiktè yo epi fasilite restriksyon osijè komèsyalizasyon pwodui atizanal yo. Pou plis devlope endistri a ak ogmante pwofil pwodiktè bwason New York yo, Gouvènè a te lanse pwogram sibvansyon Bwason atizanal — yon pwogram sibvansyon pwomosyon ak maketing bwason atizanal \$ 2 milyon dola ak sibvansyon pwomosyon endistri touris bwason atizanal \$1 milyon dola. Toulède lejislasyon an ak nouvo pwogram sibvansyon fè pati nan pwomès Gouvènè a te fè nan dezyèm somè diven, byè, bwason & sidr pou kontinye sipò ak bay resous pou endistri sa ka grandi.

“New York pwodui kèk nan pi bon diven, byè, bwason ak sidr nan mond lan—yon endistri ki pa sèlman kreye travay men ki sipòte agrikiltè yo epi pote lajan touris nan chak kwen nan eta,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Nouvo lwa sa a bati sou efò kontinyèl administrasyon an pou pwomote endistri a nan koupe fòmalitye, redwi fado regilasyon ak retire baryè atifisyèl ki antrave kwasans. New York reyèlman ouvè pou biznis, e mwen remèsye patnè mwen yo nan lejislati a pou travay san relach yo nan fè sa vini yon siksè pou tout biznis bwason atizanal nou yo.”

Lwa New York sou atizanal, sa kap antre anvigè nan 30 jou, bay fabrikan New York yo pi gwo opòtinite pou komèsyalize pwodui yo, sa ki gen ladan:

- pèmèt pwodiktè yo fè degistasyon epi sèvi “nan boutèy “ ak “nan vè”;
- pèmèt fèm distilri yo ogmante pwon lavant yo kote yo ka vann epi ofri echantiyon pwodui yo;
- diminye egzijans manje ki dwe satisfè lè wap ofri degistasyon ak konsomasyon nan lokal yo;
- pèmèt fèm distilri yo jwenn yon lisans pou yo fonksyone yon branch biwo, elimine bezwen pou yon lisans apa; e

- redwi pri pou ti fabrikan yo nan ogmante barèm pwodiksyon epi pèmèt pwodiksyon plis pwodui san yo pa ogmante frè yo.

Prezidan State Liquor Authority Dennis Rosen te deklare, “Lè nou travay kolaborativman avèk endistri a, administrasyon sa a te adopte lwa esansyèl epi kreye yon kad regilasyon ki te ede ankouraje kwasans remakab lakay pwodiktè bwason atizanal yo pandan katran yo ki sot pase a. Chanjman yo ki te siyen an lwa jodia pral plis ede nan efò sa yo, nan ogmante alafwa maketing ak opòtinite lavant, anplis de ogmante kantite pwodui ti fabrikan atizanal nou yo ka pwodui.”

Pwogram Sibvansyon Pwomosyon ak Maketing Bwason atizanal \$2 milyon dola, sa ki te kreye pou ogmante pwofil, sensibilizasyon lavant diven, byè, bwason ak sidr brit ki te pwodui nan Eta New York, pral bay finansman ekivalan pou maketing ak pwomosyon bwason atizanal yo. Yo pral atribye jiska \$500,000 a òganizasyon non-pwofi ki kalifye yo pou ede kouvri depans ki asosye avèk maketing endistri bwason atizanal. Sa a gen ladan acha piblisite nan medya ki rekoni, depans pwodiksyon enpresyon kolateral ak odyo/vizyèl, vizit ki gen rapò a endistri a, materyèl maketing, ak konsepsyon sitwèb, devlopman, ak mizajou. Aplikan yo dwe enkòpore inisyativ Taste NY, e Devlopman Empire State ap bay finansman an an kowòdinasyon avèk Depatman Agrikilti ak Mache Eta New York.

Egalman gen \$1 milyon dola ki disponib pou sibvansyon pwomosyon endistri touris bwason atizanal eta, sa ki pral ede devlope touris nan Eta New York nan pwomote destinasyon, atraksyon, ak aktivite espesyal klèman ki gen rapò a endistri bwason atizanal. Devlopman Empire State pral atribye yon fon woulman jiska \$250,000 pou pwojè touris ki baze sou maketing ki gen entansyon pou kreye oswa kenbe travay, ogmante touris nan endistri bwason atizanal epi atire vizitè yo nan Eta New York. Pwojè ki gen siksè yo pral sipòte plan stratejik alontèm Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal pou kwasans ekonomik nan rejyon yo, ansanm avèk aliyen avèk strateji maketing aktyèl la I LOVE NEW YORK.

Komisyone Agrikilti Eta Richard A. Ball te deklare, “Nouvo lwa sa a Gouvènè Cuomo te siyen an makonnen avèk nouvo finansman pwomosyon, pral ede pote yon endistri bwason ki baze sou agrikilti ki deja nan nivo mondyal nan nouvo dimansyon. Kwasans endistri sa a reyèlman san parèy e li toujou pa montre siy defayans. Opòtinite yo te kreye pou agrikilti New York pandan kwasans sa kontinye ap elaji chak ane, an retou nan bay travay nan ekonomi lokal la ak alimante kwasans ekonomik nan tout eta.”

Prezidan Devlopman Empire State, PDG & Komisyone Kenneth Adams te deklare, “Avèk biznis bwason atizanal ki anplèn ekspansyon toupatou nan Eta New York, nouvo pwogram sibvansyon sa bati sou resous ki egziste deja pou ankouraje acha pwodui ki fèt lokalman epi atire vizitè yo nan anpil etablisman pwodiksyon ak espesyal aktivite ki gen enpak dirèk sou endistri bwason an. Objektif nou se pou bay yon opòtinite pou moun yo ki konnen endistri a pi byen pou angaje nan maketing bwason atizanal, lokal, pou kreye nouvo djòb ak stimile investisman.”

Óganizasyon non-pwofi ki kalifye yo kapab aplike pou alafwa pwogram sibvansyon bwason atizanal ak sibvansyon pwomosyon touris endistri bwason atizanal nan soumèt yon aplikasyon finansman

konsolide. Ou ka jwenn enfòmasyon pwogram adisyonèl ak direktiv [la](#). Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri kontakte Sam Filler nan nysbevbiz@esd.ny.gov oswa (518) 227-1535.

Ko-lidè sena Dean Skelos te deklare, “Nan koupe chaj règleman yo ak ogmante sipò pou pwodiktè bwason atizanal yo, eta ap ede pou bay plis opòtinite pou yo gen siksè epi grandi. Endistri enpòtan sa a ap jwe yon wòl enpòtan nan anpil kominote nou yo -- enkli nan pati nò a -- nan stimile touris, jenere aktivite ekonomik ak kreye nouvo travay. Mwen fyè paske mwen te rejwenn patnè mwen yo nan gouvènman pou sipòte lejislasyon sa a.”

Ko-lidè sena Jeff Klein te deklare, “Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, New York te eksperimente yon gwo ogmantasyon nan kantite brasri atizanal, sa ki pral kreye plizyè santèn travay ki peye byen isit la nan lakou nou an. Lejislasyon sa a make yon lòt etap enpòtan nan efò nou pou pwomote nouvo endistri epi fè gouvènman eta travay pou ti manifakti nou yo. Mwen aplodi Gouvènè a paske li te siyen kontra enpòtan sa a e map rete tann pou m travay ansanm pou pote anpil lòt lide inovè nan reyalyte ki pral ede devlope ekonomi nou an.”

Senatè Carl L. Marcellino te deklare, “Travay ansanm, nou te demontre priyorite nou pou asire ke Eta New York favorab a biznis e li reponn a bezwen Nouyòkè yo. Lejislasyon sa soulaje fado obstak ki anpeche manifakti bwason atizanal yo pote pwodui yo a konsomatè yo e li pral ede kreye nouvo djòb nan Eta kote yo fabrike bwason an.”

Prezidan asanble a Sheldon Silver te deklare, “Avèk plis opòtinite ki disponib pase anvan, pwodiktè bwason atizanal New York yo te ogmante lavant pwodui yo epi kreye plizyè travay. Asanble a angaje pou sipòte biznis sa yo epi asire ke endistri a kontinye kwasans rapid nou te wè pandan plizyè ane ki sot pase. Sa a se yon viktwa pou fabrikasyon vil natal nou an, e sa se yon prèv siplemantè ke nap travay di pou kenbe Eta New York ouvè pou biznis e mwen remèsye Gouvènè Cuomo paske li te pran kontwòl la sou kesyon sa a.”

Jim Trezise, Prezidan, New York Wine & Grape Foundation te deklare, “Klima biznis pou endistri diven New York pat janm prekes osi bon ke jan li ye jodia, grasa vizyon Gouvènè Cuomo, angajman ak lidèchip. Menm jan nou bezwen yon bon klima pou grandi rezen nou yo, nou bezwen yon bon klima biznis pou grandi endistri sa a. Nou kontan tou paske sipò sa etann a kòlèg nou yo nan byè atizanal, sektè bwason ak sidr egalman. Lwa New York sou Atizanal gen anpil avantaj soti nan efikasite pwodiksyon a nouvo opòtinite maketing, e pwogram sibvansyon bwason atizanal la pral kreye ogmantasyon sansibilizasyon, esè, ak lavant pwodui nou yo. Sa a se reyèlman yon nouvo epòk.”

Paul Leone, Direktè Egzekitif, Asosyasyon Brasri Eta New York te deklare, “Administrasyon Gouvènè Cuomo te youn pami administrasyon kap panse delavan nan peyi a. Lè li siyen pwojè lwa sou Atizanal New York an lwa, ti brasri yo nan eta sa a kounye a jwenn yon opòtinite pou kontinye kwasans yo, ajoute plis djòb nan ekonomi New York. Nou vle remèsye tou SLA, ESD, and Ag & Mache yo pou sipò kontinyèl yo nan kwasans byè atizanal nan eta sa a. Avèk SLA ki fè li vin pi fasil ak pi rapid pou ouvè yon brasri an konjonksyon avèk ESD ak Agrilti & Mache yo bay opòtinite finansman piblisite ak maketing, Eta New York kounye regle pou l genyen plis pase 200 biznis atizanal ki ouvè nan kòmansman ane 2015.”

Nicole Austin, Prezidan, Distillers Guild Eta New York te deklare, “Lwa sou Atizanal New York se yon etap pwogrè nan modènize regilasyon nou yo. Distillers Guild Eta New York rekonesan pou angajman Gouvènè Cuomo dèske li sipòte endistri bwason atizanal la, e nou kontan anpil dèske nou gen opòtinite sa yo pou envesti operasyon vizitè nou yo ak pwomote bwason lokal. Chak nan distilri yo se antrepriz kap devlope— anboche nouvo anplwaye, travay avèk lòt biznis lokal yo, epi sipòte agrikiltè New York yo. Lwa Atizanal New York kreye yon klima biznis ki ranfòse kwasans sa a, e pwogram sibvansyon bwason atizanal ba nou sipò nou bezwen pou fonksyone avèk li. Bravo pou sa a!”

Brian Mckenzie, Vis Prezidan, Distillers Guild Eta New York ak pwopriyetè Distilri nan Finger Lakes, sa ki te yon etap nan konpetisyon koup diven Gouvènè a pandan ete sa a, te declare, “Distillers Guild NYS kontan paske li tandè ke Lwa Gouvènè a siyen sou atizanal la antre anvigè. Lwa a pral kreye gwo opòtinite pou jèn endistri nou an grandi. Administrasyon an te sipòtif anpil nan modènize lwa demode yo ki te rann li difisil pou fè biznis nan tan lontan epi ede avèk opòtinite pwomosyon. Chanjman yo te ede kreye 60 nouvo biznis nan Eta New York sa ki ajoute travay, revni taks, touris epi benefisyè a fèm lokal yo. Lwa sou atizanal la pral ede pou akselere enpak ekonomik pozitif endistri nou an ap fè nan tout eta.”

Sara Grady, Vis Prezidan Programming, Glynwood te deklare, “Kwasans endistri sidr atizanal New York te fòmèdab, kreye nouvo opòtinite pou jaden rezen New York ak antreprenè agrikòl yo. Antanke yon eta pòm, New York gen yon opòtinite inik pou l alafwa anrichi ak distenge pa kalite sidr yo ki miltipliye isit la. Lè nou bay sipò a endistri sa kap boujonnen ak Asosyasyon Sidr NY kap devlope, Lwa sou atizanal Gouvènè Cuomo ak sibvansyon finansman pral ranfòse ekonomi ak fèm New York yo - ak ede pou asire ke sidr vini yon siyati bwason New York.”

Nate and Josie Holden, pwopriyetè Nedloh Brewing Co., yon fèm brasri ki te ouvè nan dat 4 oktòb 2014 nan Konte Ontario te deklare, “New York se te kapital oublon jiskaske maladi ak entèdiksyon te efase l. Avèk sipò Gouvènè Cuomo ak lidèchip, nou te wè non sèlman yon resijans nan byè atizanal, men agrikilti nou depann sou li a egalman. Lwa atizanal 2014 la pral kontinye kwasans nan endistri a, ede Nedloh fè byè ki fabrike alamen pi remakab pandan lap egalman pwomote yon laj varyete sidr ak bwason, diven, byè nivo mondyal. Bay moun yo plis opòtinite pou eksperimante sa New York gen pou ofri pral sètènman stimile komès ak touris.”

Alafwa kantite biznis ki baze sou fèm manifakti diven, byè, sidr ak bwason itilize engredyan ki fèt nan New York ak kantite total manifakti yo ki pwodui bwason alkòl te plis ke double depi 2011. Depi Gouvènè Cuomo te antre nan administrasyon an, 220 nouvo biznis ki baze sou fèm te ouvè nan New York, sa ki gen ladan 101 nouvo etablisman diven, 62 brasri fèm, 49 distilri agrikòl, ak 8 fèm sidr.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

We Work for the People
Performance * Integrity * Pride